

Ant/Foumi



Foumi viv toupatou sou latè. Si w wè yon foumi, ou pral wè anpil lòt foumi kap suiv li. Foumi viv an gwoup e yo travay an gwoup. Gwoup sa yo rele **koloni**. Pi fò koloni rete nan **tinèl** anba tè. Lè ou wè yon tinèl, ou deja konnen gen yon **site** nan zòn sa a.




Chak grenn foumi gen de **antèn** long sou tèt li. Antèn sa yo se tankou nen ak tout dwèt ki kole ansanm. Antèn yo ede foumi jwenn manje, ak wout pou l retounen nan koloni an.

Gwo foumi an rele **Rèn**, se li ki manman tout foumi ki nan koloni an. Tipiti a, rele **foumi travayè**. Travayè a pran swen ze rèn nan, e pote manje nan koloni an. Foumi fè tout kalite djòb ansanm. Si djòb la twò gwo, yo travay an ekip.



Genyen diferan kalite foumi. Gen youn yo rele **foumi chapantye**, li viv nan bwa e ze rèn nan ponn tounen **lava**. Lava yo sanble ak ti vè piti ki pral chanje pou foumi pita. Yon lòt kalite foumi rete nan fèy. Yo rele yo **foumi parasol**. Yo viv sitou nan **Amerik di Sid**. Èske ou konnen poukisa yo rele yo foumi parasòl? Se paske yo manje epi pote fèy nan tinèl sou tèt yo tankou yon parasòl.



Kèk foumi rete nan nich sou pyebwa. Foumi sa yo, ou jwenn yo plis nan **Azi di Sid**, e nan **zile Pasifik**. Gen yon lòt kalite foumi ki bwè ji ki soti nan lòt ensèk. Foumi sa yo rele **foumi kiltivatè**. Lòt kalite foumi, se sila yo rele **foumi lame**. Yo mache de yon kote ak yon lòt kote, yo manje plant ak ensèk. Yo grenpe pyebwa, yo rete nan wòch, epi menm nan kay moun. Gen yon koloni ki laj tankou yon gwo lari, e long tankou de katye ou mete ansanm.



Foumi gen anpil fòs. Lè anpil foumi mete tèt yo ansanm, yo kapab bat yon **kòksinèl**. Tout foumi travay ansanm ann ekip epi yo ede youn lòt fè gwo travay. Mwen panse foumi menm jan ak nou anpil.

Aktivite

Diskite mo vokabilè yo ak elèv yo anvan lekti istwa a. Bay yo kèk ekzanp ak mo yo.

Koloni - tinèl - site - antèn – rèn – lava – kòksinèl.

Mwen konprann istwa a

1. Foumi toujou viv an gwoup. Poukisa?
2. Kijan yo rele gwoup foumi yo?
3. Foumi kominike lè yo fwote antèn yo youn ak lòt. Poukisa ou panse yo kominike?
4. Foumi genyen anpil djòb yo fè. Ki kalite djòb foumi fè, e kijan rete an gwoup rann djòb yo fasil?
5. Genyen foumi yo rele kiltivatè. Poukisa yo rele yo konsa?
6. Kisa otè a vle di lè l te ekri “Foumi menm jan ak nou anpil.”
7. A kisa lava yo sanble?
8. Dekri yon jan foumi itilize plant ?
9. Site yon bagay ou aprann de foumi ou pat konnen anvan w li ti istwa sa a?
10. Dekri ide prensipal istwa sa a?
11. Ki fraz ki di de ki sa y ap pale nan istwa a?

M ap panse sou istwa a

1. Kisa ou panse foumi fè ki pi enpòtan?
2. Chache yon keksyon otè a poze? Poukisa li poze keksyon sa?
3. Kijan foumi travay an ekip?
4. Kompare istwa Foumi an ak Ofisye Buckle ak Gloria . Ki diferans ki genyen ant foumi ak Gloria.
5. Kisa yo genyen an komen?

Devlopman Lang

Nan istwa a yo mansyone ki kote ou jwenn founi. Youn nan kote yo se nan Amerik di sid. Amerik di Sid se yon kontinan. Yon kontinan se yon gwo espas sou late. Genyen 7 kontinan nan Lemonn.

1. Ann nou gade sou kat jeografi a pou nou jwenn 7 kontinan sa yo.
2. Idantifye Antatika, Amerik di Nò, Amerik di Sid, Ostralya, Afrika, Azi, Eròp sou yon kat jeografi?
3. Kijan yo rele kontinan nap viv la?
4. Ki fè reyèl ou ka di sou kontinan w ap viv la?

Konesans: Ekriti

Dekri tou sa ou aprann de founi, epi tou sa ou deja konnen de founi.